# Арнаўлы көргизбели семинар өткерилди

Елимизде күнлер суўып баслаўы менен турақ-жайларды жылытыўға болған талап артып кетеди. Бунда пуқаралар тәрепинен жасалма ысытыў пешлеринен, жарамсыз үскенелерден пайдаланыў жағдайлары ушырасып турады ҳәм бул өз гезегинде қәўипсизлик қағыйдаларының бузылыўына, соның менен бирге унамсыз жағдайлардың жүз бериўине алып келиўи мүмкин.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Бүгин, пуқаралар жасаў орынларының ҳәр бирин көриктен өткерип, газ ҳәм электр үскенелериниң қәўипсизлик қағыйдаларына жуўап беретуғынлығын, жасалма ҳәм жарамсыз ысытыў пеш ҳәм ысытыў үскенелеринен пайдаланыўға шек қойыў ҳәм қәўипсизлик илажларын көриў, ийис гази менен ҳаўа газ араласпасынан келип шығатуғын  жаныў менен байланыслы жағдайлардың алдын алыў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Айрықша жағдайлар басқармасы, Үй-жай коммунал хызмет көрсетиў министрлиги, Қарақалпақ аймақлық электр тармақлары кәрханасы АЖ, “Ҳудудгаз” Қарақалпақстан филиалы ҳәм жуўапкер шөлкемлер қатнасыўында көргизбели оқыў семинар шөлкемлестирилди.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Сондай-ақ, пуқаралардың турақ жайларында ҳәм объектлерде алып барылған үйрениўлер нәтийжесинде анықланған машқалаларды орнында сапластырыў бойынша көрсетпелер берилди.

ҚР Министрлер Кеңеси Мәлимлеме хызмети